Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 10 февраль Рузман №6 (7768) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## Рахунел унтабазул ва рацIцIа-ракъалъиялъул суалал рорхана

Анкьабилеб февралалда районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас тIобитIана росабазул бутIрул ва учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел гIахьаллъараб данделъи. Гьенив гIахьаллъана Роспотребнадзоралъул Болъихъ бугеб отделалъул нухмалъулев МухIамад Таймасханов ва районалъул прокурорасул заместитель ХIажимурад Арадахов.



Данделъи рагъулаго Шамил ГIумаровас бицана Лъондода школалда корь унти тIибитIиялъ рахIат хвезабун букIиналъул ва гьелда сверухъ гьаризе ккolел профилактикиял тадбиразул хIакъалъулъ.

Гьелъул бицун кIалъазе вахъарав МухIамад Таймасхановас абуна:

-Халкъалда бичIчIизе ккола полиомиелит, корь, краснуха, дифтерия гIадал унтабазде данде прививкаби гьари гуреб батIияб дару гьечIолъи. ГIемерал соназ прививкаби гьарун тIагIун букIана гьел унтаби тIиритIиялъул хIинкъи, ва гIадамазе ихтияр щвана гьел гьаричIого тей тIаса бищизе. Амма гьелъул хIасилал лъикIал ккечIо, гIун бачIунеб гIелалъ лъимадаса цIунизе бажарулеб гьечIин. Кин биданиги, гьезда бичIчIуларо кIиго лъагIел тIубалелде лъимадул иммунитет щула гьабизе ккей. Пикру гьабулеб гьечIо гIадамазда гьоркьор ругел инвалидал жиндир заманалда полиомиелиталъул прививка щвечIел рукIин. Доб заманалда лъелго кулабахъе хьвадунги тIадчIун гьарулаан прививкаби, амма гьенирги рукIана дандечIарал чагIи. Росдал бегавулзабаз медицинаялъул хIалтIухъанги ахIун тIобитIизе ккола гIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъулаб хIалтIи,-ян.



Рахунел унтабазда тIасан жиндирго пикраби загьир гьаруна ТIадгъаквари школалъул директор МухIамад ИсмагIиловасги. Гьес абуна районалда чанги экологиял форумал тIоритIаниги, сверухъ бугеб тIабигIат чороклъиялдаса цIунизе бажарулеб гьечIин. ХIажатханабиги лъаралъе чвахизарун, прививкаби гьаричIел лъималги цIалул идарабазде ритIун вугев инсанасул гIадалнах бацIцIад гьабизе кколин тIоцебесеб иргаялдаян абуна директорас.

Данделъиялъул хIасил гьабун кIалъазе вахъарав районалъул бетIерас пикру буссинабуна социалиял гьиназда хIажат гьечIел видеороликал тIиритIизарулел цо-цо патриотазул «бахIарчилъиялде».

Камулел гьечIо районалда гьабулеб хIалтIиги бихьуларел, бихьизеги бокьуларел, цо дагьабгIаги гIаксаб жо бихьани, районалда ахIи-хIур бахъинаби мурадалда социалиял гьиназда гьеб лъолелги.

Кумек гьабизе кIолеб гьечIони, заралгIаги гьабичIого тейилан абуна Шамил ГIумаровас жиндирго кIалъаялъул ахиралда.

Сахаватал гIадамал

## Меценатасул кумек

Сахаватас мусру чиядаги балебила, къарумас жиндаго барабги кIкIунилан буго магIарулазул аби. ГIемер руго Дагъистаналда гьединал сахаватал гIадамал, дагьал гьечIо гьел нилъер районалдаги. Камуларо гьезул районалъул гIаммал ишазе гьабулеб кумеки, пакъиразе ва ресукъазе гьабулеб кверчIвайги. Гьединаздаса ккола Лъондодаса АхIмад ГъазимухIамадовги.



Ахираб заманалда гьес кутакалда жигар бахъулеб буго районалъул социалияб рахь цебетIеялъе бажарараб кумек гьабизе. Гьесул сахаватлъиялъул ва гIаданлъиялъул хIакъалъулъ гIемер бицуна гIадамазда гьоркьобги. Гьаниб рехсон тела цохIо районалъул централияб больницаялда гьесул кумекалдалъун гьабураб хIалтIи.

Гьал ахирал соназ, гIарцул сурсатазул рахъалъ киса-кибего хIукуматалъул квер щолареб заманалъ, райбольницаялъул бактериологияб лаборатория къачIазе тIаде босана гьес. Жиндир санагIалъи ва бажари бихьун рагIа-ракьанде щвараб ремонтги гьабун къачIан рагIалде бахъана гьеб.



Райбольницаялъул хIалтIухъабазда лаборатория рагьиялъул рохалилаб тадбир баркизе районалъул бетIер Шамил ГIумаровгун цадахъ гьал къояз райбольницаялде рачIун рукIана республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов ва меценат АхIмад ГъазимухIамадов.

Жив цIакъ вохарав вугин абуна АхIмадица районалъе гьитIинаб бугониги кумек гьабизе щвеялдаса. Гьелъие живги жиндир гьалмагъзабиги хIадурал ругин абуна гьес больницаялъул хIалтIухъабазе жиндир гьабураб къиматалъухъ баркала кьолаго.

КIалъазе вахъарав Шамил ГIумаровас кIудияб баркала кьуна ккараб ишалъуль районалъе кумекалъе ватулев АхIмад ГъазимухIамадовасе, бицана гьес гьабураб ва гьабулеб кумекалъул. Райбольницаялъул хIалтIул бицунаго районалъул нухмалъулес лъикIаблъун бихьизабуна больница жеги лъикIал специалистаздалъун хьезабизе ккей. Гьединго жиндир пикру бугин абуна гьес больницаялда жеги санагIатал шартIал гIуцIизе.



Тадбиралъул ахиралда райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейруланам Дибирасулаевас баркала загьир гьабуна АхIмад ГъазимухIамадовасе, Шамил ГIумаровасе ва кидаго кумекалъе ватулев ГIабдурахIман Камиловасе жидее гьабураб кумекалъухъ, гьаруна гьезие ракIалде щвеялъе сайгъаталги.

ГI. Малачдибиров

**Расул ХІамзатов гьавуралдаса 100 сон тІубаялде**

# Расулил лъагІел рагьана

Агъвали библиотекаялда тІобитІана Дагъистаналъул хал-



къияв шагІир Расул ХІамзатовас 100 сон тІубаялда хурхун Расулил лъагІел рагьиялъул рохалилаб тадбир.

Гьенир гІахьаллъана библиотекаялъул нухмалъулей ПатІимат ХІасбулаева, маданиялъулгун туризмалъул отделалъул нухмалъулев МухІамад МухІамадов, Агъвали гимназиялъул цІалдохъаби ва библиотекаялъул хІалтІухъаби.

Тадбир рагьулаго ПатІимат ХІасбулаевалъ бицана машгъурав поэтасул гІумруялъул ва творчествоялъул, гьесул поэзиялъул аслиял темабазул, районалда тІоритІизе хІисабалде росарал тадбиразул.

Библиотекаялъул хІалтІухъабаз цІалдохъабазда гьоркьоб тІобитІана шагІирасул гІумрудул баянал лъаялда хурхараб викторина.

Гимназиялъул цІалдохъабаз пасихІго рекІехъе рикІкІана Расулил машгъурал асарал, гІенеккана гьесул шигІраби, ралагьана гьесул тІахьазул цебелъеялъухъ.

Тадбиралъул ахиралда библиотекаялъул нухмалъулелъ баркала загьир гьабуна школлъималазе, ахІана гьел хадурккунги шагІирасул соналда хурхун тІоритІулел кьецазда ва тадбиразда жигараб гІахьаллъи гьабизе.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

# Франциялдаги цІалула Расулил кучІдул

Гьал къояз дихъе телефоналъ хьван бачІана цо пуланай гІаданалъ жий йигин Франциялда гІумру гьабун йигей цІумадисей абун. Дида ракІалде ккана гьеб дие гьабулеб махсара батилин. Хадубго гьелъ хьвана жиндихъе дир номер



кьунин дир гьалмагъалъилан. Нижер лъай-хъвай ккана, ва дие баянлъана гьей къисматалъ гІумру гьабизе чияр ракьалде гочарай районцояй йикІин.

Савдат гьаюна 1964 соналъ ТІисси росулъа ХІажиев МухІамадил хьизаналда, гьез гІумру гьабулеб букІана Хасавюрт районалъул Могилевское росулъ. Школа лъугІун хадуй цІалана МахІачхъалаялда дармилгун кулинарияб училищеялда, хІалтІана Хасавюрт шагьаралъул универмагалда.

2012 соналъ Франциялде гочарай гьелъ, гьеб улкаялъул берцинлъиялъ хІайран гьаюн хадуб хьван буго жиндирго тІоцебесеб «Алжаналъул рагІалда» абураб кечІ.

Хадубккун Расул ХІамзатовас 95 сон тІубаялда хурхун Франциялда гьелъул яцалъ «Ниж дур лъимал, Дагъистан!» абураб ахІиялда гьоркь тІобитІараб тадбиралда цІалана гьелъул Расул ХІамзатовасде гьабураб кІиабилеб кечІ. Гьелдаса нахъе гьелъ гІурус ва магІарул мацІалда жиндирго рекІел хІал кьалмица кагътиде чучизе байбихьана.

Школалда магІарул мацІ малъулеб букІинчІолъиялъ, Савдатида гьеб лъикІ лъалароан. ВатІаналдаса рикІкІад йикІиналъ гІагараб каламалъухъ урхъарай гьелъ, тІадчІун жигар бахъулеб буго магІарул мацІ лъазабизе, малъулеб буго гьеб жиндирго лъималазул лъималаздаги.

ГІемерал соназ Франциялда гІумру гьабулеб буго гьезул тІолабго хьизамалъ: эбел-инсуца, вацас ва яцалъ. Гьез киназго рокьоб бицуна тІиссадерил мацІ, кьватІиб бицине франгазулаб мацІги лъикІ лъалаан.

Яц Умукусум ккола «Лезгинка дэнс Фазу» кьурдул ансамблялъул нухмалъулей, вац ГІумарица гІумру гьабулеб буго Парижалда. Савдатил жиндиргоги руго кІиго вас ва цо яс, гьезул лъималги. Гьелги гІумру гьабун руго Франциялда.

Гьоркьехун бахъулеб буго гьелъ Расул ХІамзатовасде хьвараб кечІ, хадурккун газеталда рахъила цогидалги.

**Сураталда:** Савдат эбел-эменгун, ясгун ва лъималазул лъималгун.

**Зульфия Сажидова**

## Расул, Расулилан ахІулеб буго

Расулил Дагъистан, Расулил улка,
Зобалги Расулил, кечІги Расулил.
ХІасратаб халкъалъе кучІдузул эмен
Камуна нижее, бесдаллъана ниж.

ЦІадаса ХІамзатил хІайранав Расул
Дуца къункърабазда кучІдул малъана.
ХъахІил зобалазде роржунел хІанчІаз
Расул, Расулилан ахІулеб буго.

Расулил къаламалъ чІухІизабичІеб
Рорхатал мугІрузда ищц батиларо.
КучІдузул куплетал, цІвабзазул кунчІи,
Каранда цІа лъолеб гьваридаб магІна.

Расулил къункъраби роржунел зобал,
Дун духъ ялагьула, ракІ дир чІухІула.
Замана арабгІан, рокьи цІикІкІуна
Расулил кучІдузухъ ва ВатІаналъухъ.

# Мажлисал тІоритІана

Дагъаб цебе Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахІидовасул жигарчилъиялдалъун Агъвали маданияталъул кІалгІаялда тІоритІана школалъул цІалдохъабазе ( васазегун ясазе батІа-батІаго) мажлисал.




Гьениб гІахьаллъи гьабуна районалъул имамзабазул председатель Абубакар Абакаровас, Агъвали мажгиталъул имам Юсуф ХІажиевас, районалъул лъайкьеялъул нухмалъулесул заместитель ХІабиб АхІмадовас, МигІарсо росдал мадрасалъул мугІалим, хІафиз ГІабдулхІаким ХІасановас, Аргъваниса ГІабдурахІман Якъубовас ва МигІарсо росдал мадрасалъул мугІалим ХъахІабросулъа МухІамад ХІасановас.



Мажлисалъул тадбир бачана районалъул имамзабазул председатель Абубакар Абакаровас. Гьес бицана гІун бачІунеб гІелалъе кьолеб тарбиялде букІине кколеб кІвар кьечІони, наслабазе бугеб хІинкъиялъул. Гьез цІалдохъабазулгун букІараб ракІрагъараб гара-чІвариялда бицана щибав бусурбанчиясда тІадаб бугин динияб ва дунялалъулаб лъай тІалаб гьабизе, лъавукъав чиясдаса жамгІияталъе кинабгІаги мунпагІат букІунареблъиялъул. Гьединго телефоналъул ва социалиял гьиназул гІун бачІунеб гІел куцаялъе бугеб зараралъул ва мунпагІаталъул, эбел-инсудехун ва учительзабаздехун лъималазул букІине кколеб адаб-хъатиралъул, яхІ-намусалъул.



Ясазул мажлисалда гІахьаллъарал Хасавюрталда бугеб исламияб университеталъул мугІалимзаби ХІабиб Исрапиловас ва Мадина ХІусеновалъ тІадчІей гьабуна ясазе диниябгун рухІияб тарбия кьеялъул, динияб лъай тІалаб гьабизе кІвар кьезе ккеялъул, хьизаналда жанир ругел гьоркьорлъабазул суалазда тІад. Гьединго гьез вагІза гьабуна жамгІияталда гьоркьоб чІужугІаданалъул берцинаб хьвада-чІвади букІине ккеялъул.

КІалъазе вахъарав районалъул имам Абубакарица тІадчІей гьабун бицана руччабазул ретІа-къаялъул. Исламалда бихьизабун гьечІин руччабазул ратІлил цо хасаб форма, амма ругин ратІлилъ цІунизе кколел хасал тІалабалилан абуна имамас.

Мажлисалъул ахиралда районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель ХІабиб АхІмадовас баркала загьир гьабуна гІалимзабазе пайдаял дандчІваязухъ.

**Заур Бадрудинов**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Кеди» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 27,4 | 27,4 | 27,4 |
| 2 | Налог на имущества | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| 3 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| | **Итого собственные доходы** | 106,4 | 106,4 | 106,4 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1851,0 | 1479,0 | 1479,0 |
| 1 | Дотация на частич. компенс. | | | |
| 2 | Субвен. ВУС | 131,0 | 138,0 | 143,0 |
| | Итого | 1982,0 | 1617,0 | 1622,0 |
| | Всего доходов | 2088,4 | 1723,4 | 1728,4 |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1326,0 | 1325,0 | 1325,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1002,0 | 1002,0 | 1002,0 |
| 1 | Субсидия | | | |
| 2 | Проведения выборов | | | |
| 3 | ВУС | 131,0 | 138,0 | 143,0 |
| | в т.ч. зарплата | 96,0 | **101,0** | **105,0** |
| 6 | ЖКХ | 482,0 | 126,4 | 126,4 |
| 7 | Молодёжная политика | | | |
| 8 | Культура | 119,0 | 119,0 | 119,0 |
| | в т.ч. зарплата | 89,0 | 89,0 | 89,0 |
| 9 | ФК и спорт | 30,4 | 15,0 | 15,0 |
| | Всего расходов | 2088,4 | 1723,4 | 1728,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1187,0 | 1192,0 | 1196,0 |

**Председатель Собрания сельского поселения «село Кеди» З. Абдулхабиров**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Тисси» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 31,2 | 13,5 | 13,5 |
| 2 | Налог на имущества | 17,0 | 3,0 | 3,0 |
| 3 | Земельный налог | 5,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 6,0 | 6,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 3,0 | 45,0 | 45,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **58,2** | **69,5** | **69,5** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1723,0 | 1382,0 | 1382,0 |
| 2 | Недоданная сумма | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 129,0 | 365,0 | 381,0 |
| | **Итого** | **1852,0** | **1747,0** | **1763,0** |
| | **Всего доходов** | **1910,2** | **1816,5** | **1832,5** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1214,0** | **1219,0** | **1219,0** |
| | в т.ч. зарплата | 890,0 | 890,0 | 890,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **129,0** | **136,0** | **141,0** |
| | в т.ч. зарплата | 92,5 | 92,5 | 92,5 |
| 6 | **ЖКХ** | **382,2** | **285,6** | **296,6** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | **160,0** | **150,9** | **150,9** |
| | в т.ч. зарплата | 123,0 | 115,9 | 115,9 |
| 9 | **ФК и спорт** | **25,0** | **25,0** | **25,0** |
| | **Всего расходов** | **1910,2** | **1816,5** | **1832,5** |
| | в т.ч. зарплата | 1105,5 | 1098,4 | 1098,4 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Тисси» Б. Ниматулаев**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Цумадинский» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| 2 | Налог на имущества | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| 3 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **74,0** | **74,0** | **74,0** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1486,0 | 1188,0 | 1188,0 |
| 2 | Недоданная сумма | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 130,0 | 137,0 | 142,0 |
| | **Итого** | **1616,0** | **1325,0** | **1330,0** |
| | **Всего доходов** | **1690,0** | **1399,0** | **1404,0** |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1065,2** | **976,0** | **976,0** |
| | в т.ч. зарплата | 810,0 | 810,0 | 810,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **130,0** | **137,0** | **142,0** |
| | в т.ч. зарплата | 92,5 | 92,5 | 92,5 |
| 6 | **ЖКХ** | **178,8** | **0,0** | **0,0** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | **296,0** | **266,0** | **266,0** |
| | в т.ч. зарплата | 204,0 | 204,0 | 204,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **20,0** | **20,0** | **20,0** |
| | **Всего расходов** | **1690,0** | **1399,0** | **1404,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1106,5 | 1106,5 | 1106,5 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Цумадинский» М. Газимагомедов**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Квanaдинский» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 61,5 | 61,5 | 61,5 |
| 2 | Налог на имущества | 8,0 | 8,0 | 8,0 |
| 3 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| | **Итого собственные доходы** | 144,5 | 144,5 | 144,5 |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2614,0 | 2099,0 | 2099,0 |
| 2 | | | | |
| 3 | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 139,0 | 146,0 | 151,0 |
| | **Итого** | 2753,0 | 2245,0 | 2250,0 |
| | **Всего доходов** | 2897,5 | 2389,5 | 2394,5 |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 1683,5 | 1282,8 | 1281,0 |
| | в т.ч. зарплата | 876,0 | 876,0 | 876,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ЗАГС | | | |
| 5 | ВУС | 139,0 | 146,0 | 151,0 |
| | в т.ч. зарплата | 97,5 | 97,5 | 97,5 |
| 6 | ЖКХ | 514,4 | 394,1 | 405,9 |
| 7 | Молодёжная политика | | 10,0 | |
| 8 | Культура | 560,6 | 556,6 | 556,6 |
| | в т.ч. зарплата | 368,0 | 368,0 | 368,0 |
| 9 | ФК и спорт | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| | **Всего расходов** | 2897,5 | 2389,5 | 2394,5 |
| | в т.ч. зарплата | 1341,5 | 1341,5 | 1341,5 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «сельсовет Кванадинский» А. Халилов**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Тлондода» на 2023 год и плановый период 2024-2025 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 13,5 | 13,5 | 13,5 |
| 2 | Налог на имущества | 3,0 | 3,0 | 3,0 |
| 3 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 45,0 | 45,0 | 45,0 |
| | **Итого собственные доходы** | 69,5 | 69,5 | 69,5 |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1636,0 | 1308,0 | 1308,0 |
| 2 | Дотация на частичную компен. | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 132,0 | 140,0 | 144,0 |
| | **Итого** | 1768,0 | 1448,0 | 1452,0 |
| | **Всего доходов** | 1837,5 | 1517,5 | 1521,5 |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 960,3 | 889,9 | 889,9 |
| | в т.ч. зарплата | 541,5 | 541,5 | 541,5 |
| 2 | Проведение выборов | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ЗАГС | | | |
| 5 | ВУС | 132,0 | 140,0 | 144,0 |
| | в т.ч. зарплата | 80,0 | 80,0 | 80,0 |
| 6 | ЖКХ | 488,4 | 236,8 | 231,8 |
| 7 | Молодёжная политика | | | |
| 8 | Культура | 139,8 | 138,8 | 138,8 |
| | в т.ч. зарплата | 106,6 | 106,6 | 106,6 |
| 9 | ФК и спорт | 117,0 | 112,0 | 117,0 |
| | **Всего расходов** | 1837,5 | 1517,5 | 1521,5 |
| | в т.ч. зарплата | 728,1 | 728,1 | 728,1 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Тлондода» Ш. Гитинов**

## Исполнение сельского бюджета за 2022 год Администрация сельского поселения «село Сильди»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Ис-пол-нение | % ис-полн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 15,2 | 15,2 | 11,3 | 74,3 |
| 2 | Земельный налог | 10,0 | 10,0 | 0,9 | 8,9 |
| 3 | Налог на имущества | 4,0 | 4,0 | 1,1 | 27,5 |
| | Прочие налоги (неналоговые) | 23,0 | 23,0 | 23,0 | 100,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,2 | 1,2 | | -5,3 |
| | **Итого собственные доходы** | **53,4** | **53,4** | **36,2** | **67,8** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 914,0 | | | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 103,0 | 109,8 | | 100,0 |
| 4 | вопросы в облости нац. Экон. | | | | |
| | **Итого** | | | | **100,0** |
| | **Всего доходов** | | | | **98,7** |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **672,3** | **804,9** | | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 497,3 | 497,3 | | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | | |
| 5 | **ВУС** | **103,0** | **109,8** | | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 83,3 | 83,3 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **188,3** | **343,7** | | 100,0 |
| 7 | **Молодёжная политика** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | |
| 8 | **Культура** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | |
| | в т.ч. зарплата | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 9 | **ФК и спорт** | **10,0** | **10,0** | **10,0** | |
| | **Стихия** | | | | |
| | **Всего расходов** | **973,6** | | | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 574,3 | 580,6 | | 100,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «село Сильди» А. Абдурахманов**

МВД

# Обращение

**Уважаемые жители района!**

Согласно приказа МВД по РД от 21 января 2023 года № 195 «О проведении специальной операции под условным названием «Оружие-выкуп» и постановления Правительства Республики Дагестан от 24 апреля 2014 года № 184 с 1 февраля по 31 декабря 2023 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп», целью которой является добровольная выдача гражданами незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ на возмездной основе.

В рамках операции более 121 человек обратился о выплате денежных средств за добровольно сданные средства вооружения, которым уже выплачены 4 млн. 999 тысяч 600 рублей. На эти цели Правительством Республики Дагестан на 2023 год выделено пять миллиона рублей.

Граждане обязаны сдавать незаконно хранящееся оружие в целях собственной безопасности. В нашей республике зарегистрировано несколько случаев, когда в результате неосторонего обращения с оружием или боеприпасами были жертвы со стороны гражданских лиц.

В связи со сложной оперативной обстановкой, отдел МВД России по району призывает граждан к добровольной сдаче незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых вещества и взрывных устройств. Добровольная сдача оружия освобождает от ответственности и дает право на получение денежной компенсации.Согласно примечания ст. 222 УК РФ лицо, добровольно сдавшее оружие, его основные части, боеприпасы, взрывчатые вещества и взрывные устройства, освобождается от уголовной ответственности по данной статье, если в его действиях не содержится иного состава преступления.

Для уточнения порядка добровольной сдачи оружия обращаться в дежурную часть отдела МВД России по Цумадинскому району, тел. 8-963-410-52-51.

**Пресс-служба отдела МВД России по Цумадинскому району**

## Военный прокурор разъясняет

Приказом Министра обороны Российской Федерации от 3 ноября 2022 г. М 668 «О внесении изменений в Порядок выдачи удостоверений ветерана боевых действий в Министерстве обороны Российской Федерации, утвержденный приказом Министра обороны Российской Федерации от 29 сентября 2017 г. № 595» к ветеранам боевых действий приравняли гражданских лиц, которые обеспечивают выполнение задач в ходе СВО на территориях Украины, ДНР и ЛНР с 24 февраля 2022 г.

В связи с этим уточнен порядок выдачи удостоверений ветерана боевых действий в Министерстве обороны Российской Федерации. Для получения удостоверения указанные лица должны предоставить документы, подтверждающие факт направления для обеспечения выполнения задач в ходе СВО и факт отработки установленного при направлении срока либо досрочного откомандирования по уважительным причинам».

**Р. С. Петросян,** военный прокурор гарнизона

Для сведения

# Субъектам малого и среднего предпринимательства

АО «корпорация МСП» совместно с Министерством экономического развития России разработана цифровая платформа с механизмом адресного подбора и возможностью дистанционного получения мер господдержки субъектами малого и среднего предпринимательства и самозанятыми гражданами в упрощённом виде (гранты, субсидии и.т.д ).

Призываем воспользоваться данной информацией и развивать свой бизнес успешно. Более подробную информацию можно узнать на МСП РФ https:// МСП РФ http:// msp: // mspinvestrd.ru.

По всем вопросам просим обратиться в администрацию муниципального района.

**М. Куратмагомедов,**
тел. 89673960192

Администрация сельского поселения «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района РД информирует о намерении сдать в аренду земельные участки под кадастровыми номерами: 05:38:000072: 137 общей площадью 39222 кв.м., 05:38:000072: 8 51 425 592 кв.м., категория земли сельско-хозяйственного назначения, расположенные на территории администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский»

Эркенаб гугари

# Агъвали гимназиялда къецал

Араб анкьалъ Агъвали тIоритIана школлъималазда гьоркьор эркенаб гугариялъул рахъалъ рагьарал къецал. Нилъер районалъул росабалъа гурелги гьенир гIахьаллъана Болъихъ районалъул АнсалтIа росдал школалъул цIалдохъабиги.

Къецазулъ гугарухъабазда гьоркьоб ккана лъикIаб лъай-хъвай, щулалъана гьудуллъи. Къецазул ккана хадур рехсарал хIасилал:

**23 кг.** 1. АхIмадов ГIабдула (Хуштада), 2. ГIабдулаев ГIубайда (Хуштада), 3. Магьиматов МухIамад (Гьигьалъ), ХIажимухIамадов Юсуп (АнсалтIа).

**25 кг.** 1. Бадрудинов Ибрагьим (Агъвали), 2. ГIабдусаламов Рамазан (АнсалтIа), 3. Аминов МухIаммад (АнсалтIа), Саидов Халид (Агъвали).

**27 кг.** 1. ГIалиев Ислам (Инхокъвари), 2. ШугIайбов ГIабдуламин (Къеди), 3. ГIабдулхабиров Надирбег (Къеди), Абакаров ГIумар (Хуштада).

**29 кг.** 1. Абязов МухIаммад (АнсалтIа), 2. ГIабдулмажидов МухIаммад (АнсалтIа), 3. Джамалов МухIамадтIагьир (Агъвали), ЯхIяев МухIаммад (КIочIали).

**32 кг.** 1. Хизриев ГIабдурахIман (Агъвали), 2. Зиявдинов Адам (Къеди), 3. Нажмудинов Рамазан (Агъвали), МухIамадов МухIамадрасул (Агъвали).

**35 кг.** 1. МухIамадов Расул (Агъвали), 2. ГIисаев РамазанхIажи (Агъвали), 3. Гереев МухIамад (Инхокъвари), АхIмадулаев МухIамад (АнсалтIа).

**38 кг.** 1. МухIамадов ХIамзат (Агъвали), 2. МухIамадов АхIмад (АнсалтIа), 3. МухIамадов МухIамад (КIочIали), ГIалиев ГIабдурахIман (Гьигьихъ).

**42 кг.** 1. ГIалибахIарчиев Тупадибир (Агъвали), 2. МухIамадов ГIабдула (Агъвали), 3. ДжабрагIилов Ризван (Инхокъвари), МухIамадгIалиев ШагIман (АнсалтIа).

**46 кг.** 1. Абакаров Шамил (Гьигьалъ), 2. Саидов Зайнудин (Инхокъвари), 3. ХIайбулаев СагIадула ва МухIамадов Муса (Агъвали).

**50 кг.** 1 Абакаров МухIамад (Гьигьалъ), 2. ГIалидибиров Рамазан (АнсалтIа), 3. МухIамадов МухIамад ва АхIмадюсупов ГIусман (Агъвали).

**54 кг.** 1. Рапиев Рамазан (АнсалтIа), 2. Насрудинов ГIабдула (Агъвали), 3. ХIажиев ХIажимурад (Агъвали), Лабазанов АхIмад (ГьигьалъгIурухъ).

**58 кг.** 1. Бадрудинов ХIажимухIамад (Агъвали), 2. ГIалавдинов МухIамад (Агъвали), 3. ГьитIинхIажиев ГIали ва Мусаев ГIали (АнсалтIа).

**63 кг.** 1. МухIамадов ГIалигъалбацI (Агъвали), 2. КъурамухIамадов ГIумарасхIаб (Гьигьалъ), 3. МухIамадов Садирбег (Къеди), МухIамадов Тимур (Инхокъвари).

**69 кг.** 1. КъурбангIалиев ГIабдулбасир (Агъвали), 2. Насрудинов ГIабдурахIман (Агъвали).

**80 кг.** 1. ГIалибахIарчиев МухIамад (Агъвали), 2. ГIалиев МухIамад (АнсалтIа), 3. Лабазанов МухIамад ва Бадрудинов АхIмад (Агъвали).

**Загьид МуртузагIалиев**

# Вацазул бергьенлъаби

Дагьаб цебе МахIачхъалаялда тIобитIана Россиялъул мустахIикъав тренер ГIабдулманап НурмухIамадов ракIалде щвеялъе ММАялъул къецал. Гьенир гIахьаллъарал Эчедаса ГьазуевГ1абдулнасирил лъабавго васас: Шамсудиница (30 кг.), Самирица (36 кг.) ва МухIамадица (48 кг.) ккуна тIоцересел бакIал.



Вацал ругьунлъулел руго Кироваулалда ГIабдулманап НурмухIамадовасул цIаралда бугеб спортивияб школалда.

Баркула гьезда лъикIал хIасилал, гьарула хадубккунги икъбал.

**ГьитIвас ГьитIвасов**

Объявление

## Чемпионат района

Отдел спорта и молодежной политики администрации муниципального района «Цумадинский район» проводит чемпионат района среди взрослых:

20 февраля- по пулевой стрельбе,
21 февраля- по шахматам.

Соревнования посвященны поддержке специальной военной операции на Украине.

Место проведения чемпионата:

-по пулевой стрельбе- Агвалинская гимназия ( тир)
-по шахматам- отдел спорта и молодёжной политики.

**Начало соревнований-10:00ч.**

Зигараби

РайадминистрациялъулхIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго **АхIмад ТIагьиров** къадаралде щвеялда бан гьесул хьизан-лъималазда, вацал-яцазда ва гIагарлъиялда. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго ПатIимат МухIамадовалда гьелъул эбелалъул вац **АхIмад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварасе Алжан насиблъаги, нахъе ругезе сахлъи кьеги.

«ЩIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго **АхIмад ТIагьиров**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул хьизан-лъималазда ва гIагарлъиялда.

Аллагьас рух1 иманалда босун батаги, хьизан-лъималазе иманияб сабру кьеги.

МВДялъул районалда бугеб отделалъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго ПатIимат ЖахIбаровалда гьелъул рос **АхIмад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияй секретарь Сажидова Зульфия АхIмадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЩIумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «ЩIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru